

Depatman Pou Timoun ak Fanmi Yo

DCF se yon ajans leta ki bay anpil sèvis pou ede timoun ak jenn moun ak fanmi yo nan Connecticut. Misyon Depatman Pou Timoun ak Fanmi se pwoteje timoun, amelyore byenèt timoun ak fanmi yo, epi sipòte ak prezève fanmi yo. Efò sa yo ap fèt nan respè ak travay nan diferan kilti ak kominote nan Connecticut, epi nan patenarya ak lòt moun.

Yon pati enpòtan anpil nan misyon nou se pwoteje timoun ak jenn moun jiska laj 18 ane kont abi ak neglijan. Nou prepare bwochi sa pou ede paran yo konprann kijan sèvis pwoteksyon yo fonksyone. Li pwal ba ou yon entrodiksyon sou wòl ak responsablite Depatman-an, ak dwa'w ak dwa timoun-ou yo.

Premyèman, li enpòtan pou'w konnen ke leta mande DCF pou envestige tout rapò ki reponn a kritè legal abi ak neglijan prezime sou timoun. Se responsablite legal DCF pou detèmine si yon timoun te sibi abi oswa neglijan. Yon evalyasyon oswa envestigasyon se premye etap-la. Li enpòtan tou pou konnen ke kalte evalyasyon ak envestigasyon an nan limenm pa nesèman vle di te gen abi oswa neglijan. Anpil fwa, enplikasyon DCF tounen yon opòtinite pou bay sèvis sipò ki kabap ede yon fanmi.

Objektif prensipal DCF nan tout evalyasyon oubyen envestigasyon se idantifye tout kesyon sekirite ki prezante yon faktè pou risk pou timoun nan kay-la. Yon evalyasyon risk yo pwal detèmine nivo entèvensyon ki nesè-a, si genyen, epi sèvis ki fèt pou ede fanmi-an.

Kesyon ak Repons pou Paran yo sou Sèvis Pwoteksyon yo

Poukisa yon Travayè Sosyal DCF ap kontakte'm?

Yon travayè sosyal kontakte-ou paske Depatman-an te resevwa yon rapò ki di ke pitit-ou a te sibi oswa andanje pou'l sibi abi oswa neglijan. Lwa Leta (Lwa Jeneral Connecticut Sec. 17a-101) mande pou DCF evalye oubyen envestige tout rapò abi oswa neglijan prezime sou timoun. Travayè sosyal-la pwal vle pale ak ou sou rapò-a ak sou byenèt pitit-ou a.

Kimoun ki te rapòte pitit mwen te sibi abi oswa neglijan?

Nenpòt kimoun – yon zanmi, vwazen, manm fanmi oswa yon etranje – kapab fè yon rapò abi oubyen prezime neglijan. Tout moun yo ki rapòte-a ka rete anonim. Sepandan, idantite moun sa ka devwale nan kèk sikonstans ki ra. Anpil pwofesyonèl, yo rele "repòtè mandate," gen obligasyon dapre lalwa pou rapòte abi oubyen prezime neglijan. Repòtè mandate yo enkli pwofesè, doktè, enfimye, travayè sosyal, polisye, konseye sante mantal, manm legliz, travayè nan gadri, monitè, elatriye.

Poukisa pou yon rapò ta fèt?

Yo rapòte abi oswa neglijan posib sou timoun pou divès kalite rezon. Rapòtè mandate, pa egzanp, ka kontakte Depatman-an si yo sispèk yon timoun:

- Neglije (sa vle di timoun-lan te abandone, pa resevwa swen ak atansyon apwopriye, oswa ap viv nan kondisyon danjere pou byenèt li);
- Gen blesi fizik ki pa koze pa aksidan;
- Gen blesi fizik ki pa konpatib ak eksplikasyon ki bay pou blesi yo;
- Nan yon eta ki koze pa move tretman, tankou mal manje, abi seksyèl, eksplwatasyon seksyèl, move treman emosyonèl, pinisyon kriyèl oswa privasyon byen premye nesèsite yo tankou manje, rad, lòjman; ak
- Li plase nan yon sitiyasyon danje iminan pou gen yon danje grav.

Timoun gen dwa pou gen pwoteksyon kont kondisyon sa yo.

Kisa ki pase lè DCF resevwa yon rapò konsènan pitit mwen-an?

Chak rapò kote yo sispèk abi oswa prezime neglijan gen yon travayè sosyal ki responsab mennen yon evalyasyon oswa yon envestigasyon. Se responsablite travayè sosyal-la pou envestige rapò-a epi gade si patisipasyon kontini DCF nesèsè.

Avèk kiyès travayè sosyal-la pwal pale?

Pou lòmanse, travayè sosyal-la pwal pale avèk oumenm, timoun-ou yo, ak lòt manm fanmi-an. Li enpòtan pou yo tande-ou pou depatman-an kapab ofri fanmi-an èd, si sa nesèsè. Travayè sosyal-la pwal kontakte doktè, pwofesè, pèsònèl gadri, gadyen timoun, vwazen, fanmi oubyen lòt moun ki konnen timoun-ou yo ak oumenm byen. Ou ka sijere tout lòt moun ou santi ki gen enfòmasyon konsènan pitit-ou. Nan kèk sitiyasyon, travayè-a ka kontakte moun san konsantman'w. Yo dwe kontakte lapolis si rapò-a gen ladan'l abi seksyèl oswa abi fizik oswa neglijan grav.

Kisa k'ap pase si mwen pa vle pale ak travayè sosyal-la?

DCF ankouraje paran kowopere ak evalyasyon oubyen envestigasyon-an. Sa bay paran-an opòtinite pou rakonte vèsyon pa yo. Ou ka chwazi pa pale ak travayè sosyal-la, men lalwa mande Depatman-an evalye oubyen envestige rapò-a. Si DCF kwè pitit-ou nan yon danje imedyata pou sibi domaj grav, n'ap rele lapolis, epi si nesèsè, ouvri yon dosye nan tribinal.

Eske y'ap pran timoun mwen yo nan men'm?

Pi fò timoun DCF te bay sèvis rete lakay yo ak paran yo. Objektif DCF se kenbe fanmi-an ansanm toutotan li posib. Lè sèvis sipò nesèsè, travayè sosyal-ou a ap ede fè aranjman pou sa.

Gen kèk fwa yo estime menas sou sekirite timoun-lan egzije pou yo plase li deyò kay-la. DCF ka otorize deplase yon timoun si lgenyen yon kòz pwobab ki montre ke timoun-nan andanje iminan pou domaj fizik epi ke yon deplasman imedyata nesèsè pou asire sekirite timoun-nan. Yon deplasman administratif annijans rele yon deplasman pou 96 èdtan (*96-hour hold*). Paran-an pwal resevwa alekri rezon pou aksyon Depatman-an ak baz jiridik pou deplasman-an. 96 zètan aprè deplasman-an, si li toujou nesèsè pou kenbe timoun-lan nan deyò lakay li, Depatman-an dwe mande nan Tribinal-la yon Ôdonans pou Gad Tanporè (OTC). Nan ka sa, w'ap gen dwa a yon odisyon nan Tribinal nan 10 jou ak dwa pou gen yon avoka. Si'w pa

ka peye yon avoka, tribinal la ap ba'w yonn. Pitit-ou ap reprezante pa yon avoka tou.

Lè yon timoun nan plase nan swen andeyò kay li, objektif DCF se retou-li an sekirite osito sitiyasyon familial la jije stab ak sekirite.

Kisa k'ap pase aprè yon envestigasyon oswa yon evalyasyon?

Si DCF jwenn pitit-ou pa te sibi abi oswa neglijan, rapò-a "san jistifikasyon". Sa vle di pa gen ase prèv pitit-ou a te sibi abi oswa neglijan. Anpil ka "san jistifikasyon" fèmen imedyatman. Sepandan, DCF ka jije gen faktè risk ki sifizan pou kenbe ka-a louvri pou oumenm ak fanmi'w ka jwenn sèvis.

Si DCF jwenn pitit-ou te sibi abi oswa neglijan, rapò-a "gen jistifikasyon," epi ka'w la ap rete ouvri ak DCF pou sèvis. Travayè sosyal-ou a pwal travay ak-ou pou devlope sa ki rele yon *plan jesyon ka-a*. Travayè sosyal la pwal diskite sou sèvis ou ka resevwa ak kijan DCF pwal travay ak-ou pou amelyore sitiyasyon fanmi'w.

Eskè'm kapab pa dakò ak konklizyon Depatman-an?

Wi. Si'w pa dakò ak yon konklizyon sou abi oubyen neglijan jistifiye, ou kapap:

- Mande nan yon lèt bay Direktè Biwo Rejyonal biwo k'ap jere dosye'w la pou fè yon yon revizyon konklizyon yo. Si'w pa dakò ak rezilta revizyon-an, ou kapab mande yon odisyon administratif.
- Ou ka voye tou yon deklarasyon alekri ak fè ou santi ki enpòtan yo epi mande pou deklarasyon'w lan ajoute nan dosye'w la.

Lòt Sous Èd...

INFOLINE – yon sèvis ransèyman ak referans telefonik gratis ki kapab mete paran-an kontak ak tout kalite pwogram ak sèvis itil nan kominote-a. **INFOLINE** kapab ede anpil fwa nan yon kriz, kelkeswa se vyolans domestik, adolesan k'ap sove, ijans sante mantal oswa lòt pwoblèm. **Rele INFOLINE nan nimewo 211.**

PARAN ANONIM – yon gwoup antrèd pou paran ki santi yo ka pase kòlè yo sou timoun yo. Gwoup Anonim Paran reyini regilyèman nan anpil kominote nan Connecticut pou bay paran yo sipò ak èd pou rezoud pwoblèm yo. Rankont yo konfidansyèl epi manm yo ka rete anonim. Pou jwenn yon gwoup Paran Anonim touprè-ou, **rele INFOLINE nan nimewo 211.**

Ki kalte èd DCF kapab bay fanmi'm?

Depatman Pou Timoun ak Fanmi bay epi finanse yon pakèt sèvis kominotè. Travayè sosyal-ou a pwal eksplike sèvis sa yo ak lòt ki disponib nan kominote'w la. Sa ka enkli:

- Terapi Endividyèl ak Familyal
- Sèvis Intensif pou Prezèvasyon Fanmi
- Sant Soutyen pou Fanmi ak Edikasyon Paran
- Èd pou paran
- Klas sou wòl paran
- Tretman Abi Seksyèl
- Sèvis prevansyon Abi Pwodui Toksik
- Sèvis Sante Mantal pou Timoun

Si'w pa kapab dakò ak travayè sosyal-la sou yon plan jesyon ka'w la, ou kapab:

- Patisipe nan konferans planifikasyon geyon ka yo. Revizyon sa yo fèt sou 45 jou dosye-a te ouvri pou sèvis oubyen lè pitit ou te mete nan plasman.
- Patisipe nan revizyon administratif ka nan plan jesyon yo. Revizyon sa yo fèt chak sis mwa. Travayè sosyal la pwal notifiye kilè yon revizyon administratif ka yo pwograme oubyen ou ka mande youn nenpòt ki lè.
- Mande yon odisyon jesyon ka pou konteste plan ak/oswa founiti sèvis Depatman-an. Yon ajan odisyon pwal tande de pati yo epi fè sòti yon desizyon alekri sou pètinans plan jesyon ka-a pou satisfaksyon bezwen timoun yo. Ou ka chwazi fè reprezante-ou pa yon avoka sou pwòp frè pa'w. Ou ka ekri Komisyonè pou Timoun ak Fanmi (*Commissioner of Children and Families*) nan adrès 505 Hudson Street, Hartford, CT 06106 pou mande yon odisyon ka-a. Demann alekri'w la dwe spesifye pwen ou pa dakò ak yo-a.
- Si ou pa satisfè ak tout solisyon administratif Depatman-an bay yo, ou gen dwa ale nan Tribinal Kou Dapèl.

Ki lòt dwa mwen genyen kòm paran?

- Ou gen dwa pou yo trete'w ak respè ak diyite.
- Ou gen dwa pou gen yon entèprèt sou plas pou ede'w konprann tout pwosedi nan ka pa'w la.
- Ou gen dwa mande tout dokiman nan dosye'w tradui nan lang matènèl-ou.
- Ou gen dwa mande ak resevwa repons konplè konpreyansib pou tout kesyon ou ka genyen sou angajman Depatman-an ak fanmi'w.
- Ou gen dwa pou mande prezans yon moun ou chwazi (tankou zanmi, fanmi oubyen yon manm legliz) pandan rankont ak DCF yo, sòf si yon lòd tribinal-la entèdi enplikasyon moun sa.

- Ou gen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon ki nan dosye Depatman-an sou envestigasyon ak konklisyon sou ou ak pitit-ou. Aksè a idantite moun ki te rapòte abi oubyen neglijan presize ka limite.
- Ou gen dwa a konfidansyalite. Depatman-an pap pibliye piblikman dokiman ki konsène oumenm ak fanmi'w san otorizasyon'w sòf si lalwa otorize sa. Sepandan, enfòmasyon yo kapab al jwenn lòt ajan pou envestigasyon, tretman oubyen lòt objektif konfòmeman ak lalwa.
- Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou radyasyon ka nan sèten sikonstans.
- Ou gen dwa kontakte Biwo Defansè Timoun nan DCF epi pou ede rezoud nenpòt litij ou ka genyen ak pèsone DCF, founisè oubyen paran dakèy. Defansè Timoun lan disponib sòti 8:00 A.M. rive 5:00 P.M.. lendi rive vandredi nan nimewo (860) 550-6301.

Kijan mwen ka kontakte Pou Depatman Timoun ak Fanmi an?

Biwo Rejyonal nou yo ouvri sòti 8:00 A.M. rive 5:00 P.M. chak jou nan semenn lan. Nimewo telefòn Biwo Rejyonal yo ak lòt enfòmasyon disponib sou sit entènèt nou nan www.state.ct.us/dcf. Aprè P.M. ak pandan wikend ak jou konje, pou kapab rele **LIY IJANS DCF** nan nimewo **1-800-842-2288**.



Se yon piblikasyon
Depatman Pou Timoun ak Fanmi nan Connecticut, 2011



Konfòmeman ak Lwa Connecticut, ou gen dwa sa yo:

Ou pa oblije bay yon anplwaye DCF otorizasyon pou rantre lakay-ou.

Ou pa oblije pale ak yon anplwaye DCF.

Ou gen dwa mande konsèy nan men yon avoka epi mande prezans avoka-a lè yon anplwaye DCF ap poze-ou kesyon.

Tout deklarasyon oswa manm fanmi bay yon anplwaye DCF ka itilize kont-ou nan tribinal oswa nan pwosedi administratif.

Yon travayè sosyal DCF pa yon avoka, li pa ka ba-ou konsèy jiridik.

Ou pa oblije siyen okenn dokiman yon anplwaye DCF prezante'w epi ou gen dwa mande avoka'w li tout dokiman avan'w siyen yo. Sa enkli, pa egzanp, yon kitans règleman oubyen yon kontra sèvis.

Nou vle enfòme-ou si'w chwazi pa kominike ak yon anplwaye DCF, sa ka gen konsekans grav, tankou DCF pran rekou retire timoun lan nan kay-la. Kidonk li nan enterè'w pou pale ak yon anplwaye DCF oubyen chèche touswit konsèy yon avoka.

AKIZE RESEPSYON

Lwa Connecticut fè Depatman Pou Timoun ak Fanmi nan obligasyon (Lwa Piblik 11-112) pou ba'w yon avi ekri dwa legal-ou yo. Dwa sa yo liste sou premye paj brochi sa sou logo DCF la. <http://creative.gettyimages.com/source/search/resultsmain.asp?detailView=1&source=order&imageID=dv342131b>

Konfòmeman ak menm lwa sa, travayè sosyal k'ap prezante'w brochi sa dwe mande-ou siyen epi mete dat sou yon kopi avi-a kòm prèv ke ou te resevwa'l. Siyati'w **PA** vle di'w abandone dwa'w oswa ou dakò ak tout bagay. Li senpleman di ke ou te resevwa yon avi ekri sou dwa'w yo.

Si'w refize siyen ak mete dat sou avi-a, travayè sosyal la pwal ekri yon avi pou di'w te refize. Travayè sosyal la pwal siyen non'l ak dat la epi remèt-ou yon kopi.

MWEN RESEVWA YON AVI EKRI KI BAY DWA MWEN YO.

Non an lèt detache Non an lèt detache

Siyati Paran oubyen Gadyen Siyati Paran oubyen Gadyen

Dat Dat

_____ te refize siyen avi sou dwa li yo ke yo te prezante-li nan jou ki te _____.
(dat)

Non an lèt detache Travayè sosyal